

Mande yon espè kèk kesyon

Doktè Debbie Glasser se yon sikològ ki lisansye epi se li ki direktè sèvis ki bay fanmi sipò nan Enstiti Mailman Segal ki fè rechèch sou timoun pitit nan Inivèsite "Nova Southeastern". Se li tou ki ekri atik ki parèt chak semèn nan "Miami Herald" ki rele "Positive Parenting"

Kesyon: Pitit mwen an gen 2 an _ epi li poko ka al nan twalèt poukont li. Kouman pou m fè konnen ki lè li pare pou m montre li?

Repons: Pa gen yon laj egzat pou montre yon timoun al nan twalèt poukont li. Gen kèk timoun ki kòmanse aprann al nan twalèt poukont yo lè yo gen 2 an ak 3 an, gen kèk ki aprann pi bonè, epi gen kèk lòt ki aprann pi ta. Chak timoun aprann jan pa yo.

Men sa ki ka fè w wè pitit ou pare pou l aprann kouman pou l al nan twalèt poukont li :

- Si li ka fè omwen 2 èd tan san li pa pipi sou kò li, epi si li popou regilye pi souvan.
 - Li ka desann epi monte kanson li poukont li.
 - Li enterese antre nan twalèt la, gen de fwa li chita sou li oubyen li antre nan chanm twalèt la ansanm avè w.
 - Si li jwenn esplikasyon senp pou l fè kichòy li ka fè li, paregzanp flòsh twalèt la oubyen lave men li.
 - Li konnen lè li gen pou l pipi ak lè gen pou l poupou. Paregzanp, yon timoun ka fè konnen lè kouchèt li sal.
 - Li vle fè kèk bagay poukont li epi li vle vin pi endepandan.
 - Li pa gen oken lòt gwo aktivite k ap pase nan vi li, tankou deplase al abite nan yon lòt kay oubyen yon nouvo timoun ki fèt nan kay la.
- Men si pitit ou montre li pare nan fason sa yo, li ka bezwen yon ti tan pou l pare. Pran pasyans epi pa ba l presyon. Talè kon sa l ap kòmanse al nan twalèt poukont li epi l ap kòmanse gen kèk lòt ladrès pandan l ap grandi.
- Si ou panse pitit ou a pare, men kèk konsèy pou

fason ou ka antrene li :

- Kite l gade kouman ou sèvi nan twalèt la si sa pa deranje w. Oubyen montre li kèk liv oubyen videyo (ou ka jwenn yon nan bibliyotèk piblik yo) sou fason yon moun sèvi nan twalèt pou l ka konnen sa pou l fè.
- Ankouraje piti ou pou li chita sou twalèt la ak rad li sou li pou l ka wè kouman l santi l padan li pa gen presyon sou li pou l fè poupou. Li ka pi enterese sèvi ak yon vaz pou mete atè oubyen li ka pi anvi sèvi ak twalèt la. Nenpòt chwa li fè bon.
- Kite l gade kote ou jete poupou ki soti nan kouchèt li a lè w ap lage l nan twalèt la, kon sa la konnen kote poupou a ale.
- Si ou remake pitit ou ap kenbe anba vant li oubyen li anuiye, ou ka di li « ou mèt sèvi ak vaz la si poupou kenbe w » Pa met presyon sou li.
- Mete rad sou pitit ou a ki pa difisil pou wete, kon sa si l ta santi poupou oubyen pipi kenbe li, li ka wete rad la sou li fasil.
- Lè li fè efò pou l al nan twalèt poukont li, fè l konpliman, menm si li pa rive fè sa byen. Si l rive poupou nan vaz la, ou mèt di li "Bèl bagay, ou fè byen!" Epi si li pipi sou li pandan l ap kouri al nan twalèt la, ou ka di li « ou fè bèl efò ! Ou te prèske rive. Pwochèn fwa ou ka eseye ankò. »
- Se pa tout lè sa mache. Sa pran tan pou yon moun aprann sèvi ak twalèt la, epi fò w eseye plizyè fwa. Pa bliye, mis ki kontwole fason li pipi ak poupou yo poko fin devlope nèt. Lè ou pran pasyans epi ou poze san w lè pitit ou poupou oubyen pipi sou li pa aksidan, sa ap mete pitit ou a alèz epi sa ap ankouraje li pou l kontinye eseye.
- Pa janm fòse yon timoun pou l chita sou yon twalèt si li pa vle. Si li poko pare ret tann kèk semèn pase epi montre l ankò.

Gen timoun ki pa fin an sante, oubyen yo gen lòt pwoblèm ki ka anpeche yo aprann kouman pou y al nan twalèt poukont yo. Si ou ta bezwen kèk ranseyman, pale sa ak doktè w la.



Amizman ak bil savon

Men ki moun ki ekri atik sa a: Kristin Read ki nan Miami Children Museum's Early Childhood Center.

Amize w byen ak ti plezi kim savon. Ou ka fabrike yon ti bagèt lakay ou epi ou fè kim savon.

Resèt pou ka fè kim savon an:

Pran yon tas savon likid, melanje l ak 4 tas dlo. Pi bon savon likid pou ta itilize lè w ap fè bil savon lakay ou, se Dawn oswa Joy. Pou kab fè bil la dire plis epi pou l bay anpil koulè, ajoute yon ka tas siwo Karo blan. Kim pou fè bil la gen tan pare pou w sèvi tousuit, men l ap mache pi byen si w kite l rete pou demen.

Pou w ka fè bil "ki pap degoute dlo" itilize l 2 tas dlo, 4 kiyè siwo blan Karo ak l tas chanpou bebe. Ajoute woukou pou ka fè bil plizyè koulè, moun pa abitye wè !

Bagèt pou bil, fasil pou w fè:

Pou timoun ki poko pare pou yo ta gen pwòp bagèt yo pou yo soufle bil yo, pran yon ti tib bwa, yon bagay yo konn sèvi pou bat mouch yo, yon filè yo konn met fri (sa ki koulè vèt ki gen tuil an plastik yo) oswa plastik ki kenbe pakè soda pa 6 yo, tranpe youn nan bagay sa yo nan kim nan leve l anlè epi kouri avè !!

Fòme tib pou soufle bil yo ak materyèl ki kab resikle. Tib katon yo woule sèvyèt papye sou yo a, bwat ki konn gen ji zoranj ki friz yo ki san kouvèti ni anwo ni anba, bouchon an plastik ki gen yon twou nan mitan, ak gode katon ki san fon, tout bagay sa yo mache byen nan fè bil. Montre pitit ou a ki jan pou l soufle dousman pou l fè lè ale regilyè nan kim savon an pou l kab fòme yon bil.

Lide ki mache ak bil:

Soufle bil yo chak moun nan tou pa l epi konte bil yo ansanm ofiramezi yo fòme. Fè jwèt "Atrap bil la" epi gade pou wè konbyen bil ou menm ak pitit ou a kapab atrap epi pete.

Resous pou fòme bil:

Èske w vle plis enfòmasyon sou ki jan bil yo mache? Ale nan bibliyotèk lokal ou a epi li liv Bubbles, Bernie Zubrowski ekri, se "Beech Tree Books" ki pibliye l.

Toujou kontwole timoun piti yo lè y ap fè jwèt ak bil oswa ak lòt materyèl atistik.



MIAMI-DADE PUBLIC LIBRARY SYSTEM
www.mdpls.org

-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-276-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org



The Children's Trust

MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

Fason pou chwazi yon bon pwogram ete oswa yon bon pwogram apre lekòl pou pitit ou

Depi se moman pou swen ete oswa swen apre lekòl, The Children's Trust prezante yon lis ki ka sèvi kòm gid pou pèmèt ou sèten pitit ou ap evolye nan yon anviwonman ki pa gen danje epi k ap pèmèt li devlope kapasite l. Enfòmasyon ki la yo suiv bon jan estanda yo mande nan Asosiyasyon nasyonal ki rele "National After-School Association" (avan, li te rele the National School-Age Care Alliance). Pou plis esplikasyon detaye, vizite sit entènèt www.nsaca.org. Li enpòtan pou w jwenn bon jan sèvis pou pitit ou.



Si pou ou chèche lè w bezwen chwazi yon kan ete oswa yon pwogram apre lekòl:

BON RAPÒ AK MOUN

1. Yon ekip ki gen bon rapò, yon fason pozitif, ak tout timoun oswa jenn moun pandan yo chèche satisfè bezwen yo chak apa.
 - Ekip ki trete timoun avèk respè epi ki koute sa yo gen pou yo di.
 - Ekip ki kab tabli bon rapò ak timoun nan sou plan kiltirèl ak lang li sèvi lakay li.
2. Ekip ki ankouraje timoun ak jenn moun pou yo fè pwòp chwa yo epi pou aprann pran responsabite yo.
 - Ekip ki ofri timoun èd yo nan fason yo kore desizyon timoun nan pran li menm.
 - Ekip ki poze kesyon pou ankouraje timoun nan panse pou pwòp tèt pa l.
3. Ekip ki itilize teknik ki pozitif pou gide konpòtman timoun oswa jenn moun.
 - Ekip ki pa itilize metòd disiplin ki twò sevè.
4. Timoun ak jenn moun gen bon rapò youn ak lòt an jeneral.
 - Timoun yo sanble yo alèz youn ak lòt.
5. Ekip ki gen bon rapò ak fanmi timoun yo.
 - Ekip ki mete fanmi yo alèz, ki byen akeyi yo.
6. Ekip ki travay nan tèt ansanm pou chèche byen satisfè bezwen timoun yo ak jèn yo.
 - Ekip ki kominike youn ak lòt pandan pwogram nan ap mache, yon fason pou yo asire yo pwogram nan mache dous san pwoblèm.

ANVIWÒNMAN ANNDAN YON SAL

1. Espas anndan sal pwogram nan rive satisfè bezwen timoun yo ak jèn yo.
 - Gen ase kote pou tout aktivite ki nan pwogram nan fèt.

2. Espas anndan sal la bay timoun yo ak jèn yo posibilite pou yo pran pwòp desizyon yo epi pou yo konsidere pwòp enterè yo.
 - Espas anndan sal la montre ki kalte travay timoun yo ap fè ak enterè yo genyen.

ANVIWÒNMAN NAN LAKOU

Espas pou timoun yo jwe deyò satisfè bezwen yo, epi ekipman ki genyen yo pèmèt yo endepandan nan sa y ap fè epi sa rann yo fè tèt yo travay.

- Chak timoun gen yon chans pou yo jwe deyò nan lakou pandan omwen 30 minit sou chak twazèdtan yon aktivite nan pwogram nan dire an plen.
- Ekipman ki la nèt nan lakou kote jwèt yo ap fèt la apwopriye pou ni gwo sèvi timoun ak kapasite yo chak genyen.

AKTIVITE

Orè ki genyen nan jounen an se yon orè ki pèmèt moun chwazi lè k ap bon pou yo, li ofri bon jan sekirite, endepandans ak motivasyon ki pèmèt tout timoun yo ak tout jèn yo satisfè bezwen yo.

- Timoun yo jwenn satisfaksyon pou bezwen fizik yo san pyès pwoblèm.
- Timoun yo gen yon chans pou yo antre nan aktivite k ap anrichi yo epi ki ankouraje lespri yo devlope sot nan yon nivo al nan yon lòt.
- Aktivite yo byen prepare dapre laj timoun yo nan pwogram nan.
- Materyèl yo devlope yon fason ki apwopriye pou laj timoun yo.

SEKIRITE, SANTE AK NITRISYON

1. Timoun yo ak jèn yo byen pwoteje sou kesyon sekirite.
 - Pa gen okenn danje moun remake ki ka rive nan espas kote pwogram nan ap dewoule.
 - Tout bagay ki genyen ni anndan ni deyò espas aktivite yo rete pwòp.
2. Yo toujou sipèvizè timoun yo ak jèn yo nan sa y ap fè, pou sekirite a ka toujou kenbe.

- Ekip la make lè timoun nan rive, lè l ale epi ak kiyès li ale.
3. Pwogram nan bay manje ak bwason ki bon pou timoun yo ak jèn yo dapre sa yo bezwen.
 - Pwogram nan sèvi ti goutte ki bon pou lasante epi yo sèvi repa yo a lè.

ADMINISTRASYON

1. Valè anplwaye ki la pou travay ak yon gwoup timoun epi lajè gwoup timoun yo, pèmèt anplwaye yo bay timoun yo ak jenn yo sèvis yo merite.
 - Valè anplwaye ki la pou travay ak yon gwoup timoun varye dapre laj yo ak kapasite yo. Pousantaj sa a kapab 1:10 ak 1:15 pou gwoup timoun ki gen 6 an oswa plis. Li kapab ant 1:8 ak 1:12 pou gwoup ki fòme ak timoun ki gen mwens pase 6 an.
2. Ekip la kore patisipasyon fanmi timoun yo nan pwogram nan.
 - Ekip la bay sesyon fòmasyon pou oryante fanmi ki nouvo yo.
 - Manm fanmi yo kapab vin vizite pitit yo nenpòt lè nan jounen an.
3. Pwogram nan tabli bon jan kontak ak kominote a
 - Ekip la bay tout enfòmasyon ki konsène resous ki nan kominote yo ki kapab satisfè bezwen timoun yo ak fanmi yo.
4. Politik pwogram nan ak fason li travay fèt dapre bezwen timoun yo, jèn yo ak tout fanmi yo.
 - Orè pwogram yo chita sou bezwen fanmi yo.



Devlopman langaj lakay timoun

Se Alix Harper ki devlope tèms sa a. Li travay nan "Miami-Dade Family Learning Partnership".

Timoun rive pwononse premye mo yo ant laj 12 ak 18 mwa. Yo kòmanse sèvi ak fraz ki konpoze, nan zòn laj 4 a 4 _ an. Lè yo rive nan moman pou yo antre nan jaden danfan, anpil nan yo gen tan konnen yon 20 000 mo kon sa. Men kèk aktivite ki ka ankourajan pou devlopman langaj timoun piti, Asosiyasyon ki rele "American Speech-Language-Hearing Association" prepare :

Soti nan jou nesans lan rive 2 an

- * Ankouraje bebe ou pou l fè kèk son vwayèl oswa son konsòn, tankou "ma," "da," ak "ba."
- * Imite fason bebe a fè lè l ap fè ekla ri ak fason li fè vizaj li.
- * Montre bebe a jan pou l imite aksyon pa ou yo, tankou bat men, voye kout bo, fè jwèt ak dwèt li yo, tankou "koukou" oswa "fè dwèt yo fè tankou zarenyen".
- * Fè bon ti pale nan moman w ap benyen bebe oswa w ap ba l manje oswa w ap met rad li. Pale de sa w ap fè, ki bò ou prale, ki sa w pral fè lè w rive la ansanm ak ki moun oswa ki bagay ou pral wè lè w rive.
- * Rekonèt koulè.
- * Konte bagay ki la.
- * Fè yon seri mouvman jès, tankou fè babay, pou ede yo sezi sans yon bagay.

* Fè yon ti devlope grenn mo senp bebe ou a itilize : "Men Manman. Manman renmen w. Kote bebe a? Men bebe a."

* Fè lekti pou bebe a. Pafwa "lekti" se kapa yon senp deskripsyon foto ak desen ki nan yon liv, san w pa oblije suiv mo ki ekri nan liv la dirèkteman. Chwazi liv ki solid epi ki gen gwo desen ak foto an koulè ki pa gen twòp twòp detay. Ankouraje bebe a nonmen bagay li rive rekonèt ki nan liv etan l ap touche yo.

Ant 2 a 4 an

- * Sèvi ak pawòl ki klè epi ki senp pou sèvi egzanp pou timoun nan.
- * Repete sa timoun nan sot di, pou montre ou konprann. Fè yon ti pale plis sou sa l te di a. "Ou vle ji? Mwen gen ji pòm. Ou vle ji pòm?"
- * Fè yon sòt de liv bwouyon: koupe foto oswa desen ki reprezante bagay li abitye wè oswa li plis renmen wè. Gwoupe yo pa kategori, tankou bagay ki ka pote moun, bagay moun ka manje, fwi, bagay moun ka pran pou fè jwèt avè yo. Pran kèk lòt desen, kole yo ansanm nenpòt ki jan. Fè yon meli melo. Pa egzanp, kole foto yon chen dèyè yon wou machin. Pale sou sa ki mache nan foto sa a, ak fason pou "ranje" li. Konte tout foto ki nan liv la.
- * Ede pitit ou konprann epi poze kesyon. Jwe yon ti jwèt « wi-non ». Poze kesyon tankou : « Èske

se yon tigason ou ye? » ; « Èske kochon ka vole ? » Ankouraje pitit ou fòm kesyon.

* Devlope plis vokabilè. Nonmen pati ki nan kò nou, epi fè konnen sa nou abitye fè avè yo. "Sa a se nen mwen. M kab pran sant flè avè l, sant bonbon chokola ak sant pòpkòn oswa sant savon."

* Chante ti chan tou kout ki senp epi rakonte ti istwa kont pou ka montre modèl pawòl moun ka pale.

Pataje prensip lekti ak pitit ou. Men kèk teknik lekti ki va ede ranfòse devlopman pitit ou a epi fè l gen kapasite pou l li depi nan bonè :

1. Yon kote konfòtab. Ou dwe asire w timoun nan konfòtab.
2. Di timoun yo ou pral montre yo yon liv epi mande yo pou yo devine de ki sa istwa a pale.
3. Kite timoun yo byen egzaminen sa k sou po liv la.
4. Ede timoun yo itilize desen yo wè yo pou montre yo ki bò yo ye nan lekti a.
5. Apre yo fin devine de ki sa istwa a kapab pale, li istwa awotwva. Li dousman epi pwononse mo yo byen klè.
6. Etan w ap li ak timoun nan, fè vizaj ou bay bon espresyon. Ou dwe sèten ou fè vwa w trankil, dous, rapid oswa nenpòt lòt jan, tou depan de sityasyon an.
7. Ankouraje pitit ou poze kesyon konsènan istwa a.



Patisipè Nan ti Journal sa a...



Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak publikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvasyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon

journal sa a se:
Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665